

ABSTRAK SUNDA

Mirna Rosmawati. 2018. Pangenalan Hama Serangga di Kebon Kopi Jayagiri Lembang Kabupaten Bandung Barat. Diaping ku Drs. Suhara, M.Pd. jeung Ida Yuyu Nurul Hizqiyah S.Pd., M.Si.

*Hama serangga mangrupikeun kumpulan serangga anu bisa ngaruksak pepelakan salah sahijina bisa ngaruksak pepelakan kopi. Di kebon kopi Jayagiri can aya panalungtikan ngeunaan hama serangga. Kituna, panalungtikan ieu miboga tujuan pikeun nyangkem jenis jeung jumlah serangga hama nu aya di kebon kopi Jayagiri Lembang. Metode panalungtikan nu digunakeun nyaeta metode deskriptif kalawan desain panalungtikan belt transect sapanjang 100 meter anu diwangun ku lima stasiun, jarak antar stasiun nyaeta 25 meter. Kalawan sewang-sewang stasiun diwangun ku genep kuadrat, anu jarakna 20 meter antar kuadrat. Tehnik ngumpulkeun data anu digunakeun nyaeta hand sorting, beating tray, jeung insect net. Data utama nyaeta ngeunaan data jenis jeung jumlah hama serangga di kebon kopi Jayagiri Lembang. Data panunjang anu diukur nyaeta faktor lingkungan (suhu udara, kelembapan udara, intensitas cahaya). Identifikasi sampel dilakukeun di Laboratorium Biologi FKIP Universitas Pasundan. Panalungtikan ieu meunangkeun hasil 246 individu anu kaasup ka 17 spesies ti 4 ordo, 11 famili, jeung 16 genus. Ti 17 spesies hama serangga eta, anu 2 spesies mangrupikeun serangga hama utama kopi nyaeta *Hypothenemus hampei* jeung *Pseudococcus citri*. Sedengkeun anu 15 spesies lainna kaasup hama sekunder atawa hama anu kurang penting. Katilu faktor lingkungan anu diukur, boga pangaruh pikeun kaberdanaan spesies hama serangga. Rata-rata suhu nyaeta 22,2 °C, Kelembapan rata-rata 74,7%, Intensitas cahaya aya dinu kisaran 3130-6990 lux. Salain eta, ayana musuh alami oge mangaruhan ayana spesies hama serangga.*

Kecap konci: *Pangenalan, hama serangga, kebon kopi, Jayagiri.*